ISSN 0207-6551

# Нур

6+

11
2019



«Нурым» и еджакIуэхэм зэвгъэцIыху ШЫПШ Залинэ. Абы и усэхэм уагъэгупсысэ, уагъэIущ.



# СИ КЪУЭШ

Зы махуэ гуэрым дейм сытесу
Нэщхъейуэ си анэр къэкIуэжащ.
Сыкъелъэщ жыгми, лъапэрисэу,
СыхуэгумащIэу сыпежьащ.

Сынэсри, занщIэу Iиткlэ Iэплlэ
ЗыщызмыгъэнщIу, есшэкIащ.
КъызжеIэ мамэ: «Еплъ си гъусэм.
Уэ щIалэ хьэщIэ къыпхуэсшащ.

ФызэрыцIыху, фымыукlытэ,
Аслъэн, Iэнкуну ущымыт.
Уи хьэщIэ цIыкIум хуэщI гулъытэ,
ПщIантIэкум куэдрэ иумыгъэт».

Алийрэ сэрэ псынщIэ дыдэу
Дызэдэджэгуу дежьэжащ.
Си гъащIэ псом сцIыхуам ар хуэдэу,
Сызэригъусэм сесэжащ.

Къызатым щыщ абы иратырт,
Къыздалъэм Iэ, си гъусэт ар.
Сыт хуэдэ Iуэхури щхьэщахырт,
Къыхуагъэдахэт жиIэу хъуар.

ЩIэздзащ абы сыхузэгуэпу,
Сыдэмыджэгуу сыхуежьащ.
Сызыбгъэдишэри си анэм
КъыздэхащIэу мыр жиIащ:

«Зумыгъэгусэ, ар зеиншэщ,
Гуэныхьщ, унагъуэ имыIэж.
Уи дежкIэ ар зэрымытыншыр
Сэ сощIэ. Хуэхъу уэ ныбжьэгъу пэж.

Си лъагъуныгъэр фхурикъунущ,
Зеиншэм зэи ухуэмыгубжь.
Езым уэ куэд къыбгурыIуэнущ,
Нэса нэужь абы уи ныбжь».



Алъандэм сыт къызамытами,
Сэ занщIэу тIууэ ар согуэш.
Алий и гугъу хэт къысхуищIами,
Изот жэуап: «Ар сэ си къуэшщ!»

# «СЭ, ПАПЭ, ПЭЖУ, ИН СЫХЪУАЩ!»

Къаруурэ сиІэр зэхэслъхьауэ,
Пщыхьэщхьэу хадэмкІэ сокІуэкІ.
Абы зыгуэр щоІэуэлъауэ,
Зэрызехьэшхуэ къыщокІуэкІ.
«Сошынэ» дауэ жесІэн папэ?
Абы сэ жесІэр: «Ин сыхъуащ».
Схутемыгъахуэу ар си напэ,
Си шынэр кууэ ескъухащ.





СІэтауэ лъагэу си башышхуэр,
Хуэм цІыкІуу си лъэр зэблызох.
ЗыхужысІэжурэ: «Тегушхуэ»,–
Пхъэ къехуэхахэр къыІузох.
Солъагъур бацэу кІэ баринэ,
ФІамыщІым хуэдэу нэ фІыцІитІ.
Си фІэщ мыхъуж илъагъур си нэм:
КІэщІэсщ абдежым бажэ цІыкІу.

СыноІусэнукъым, жыхуэсІэу,
Си щІыбкІэ башыр есхьэкІащ.
ЩІэзгъэпхъуэжыным тезгъэгушхуэу,
Абы сэ сыпыІукІуэтащ.
АрщхьэкІэ, бажэм зигъэхъейркъым,
Зыгуэрым ар егъэпІейтей.
И гъуэгур хуиту зэІухами,
КъыкІэщІэкІыну ар хуэмей.

Къотэдж гузавэу, мэтІысыжыр –
Бэлыхьыр и псэм къылъысащ.
ІуокІуэт, аргуэру къызоплъыжыр,
КъызгурыІуащ: зыгуэр къэхъуащ!

Сокъузыр си Іэр быдэ дыдэу,
Гъунэгъу щэху цІыкІуу зыхузощІ,
ЙокІуэтыр бажэр, жиІэ хуэдэу:
– КъыздэІэпыкъу, уэ дзыхь пхузощІ.
– УэІ! Бажэ шырым гу лъызотэ:
А цІыкІур хуабжьу гужьеящ.
КъыщІэмыкІыфу зоІэ-зопхъуэ –
И кІапэ цІыкІур пхъэм дэнащ.

КІэзызу Іэпэхэр хузохьыр,
Къызэдзэкъэну игу къэмыкІ.
СелІалІэу пхъэхэр зэтызохыр,
Гузавэ и анэр щхьэщымыкІ.
И кІапэр хуит къызэрыхъужу,
Шыр цІыкІум анэм зыхуидзащ.
Гу зэщамыхуэурэ, зэплъыжу
А тІур ди хадэм хыхьэжащ.

КъызэхъулІахэм сригушхуэу,
СыгуфІэу сэ сыгъуэлъыжащ.
ЖесІэнущ, сыкъызэрыушу:
«Сэ, папэ, пэжу, ин сыхъуащ!»



*Архъыз псыр*

# КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭСЫМ

## АРХЪЫЗ

«Архъыз» фIэщыгъэм сыту пIэрэ къикIыр?

Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу адыгэхэр Архъыз и тIуащIэ бгъуфIэм ижькIэрэ зэреджэу къекIуэкIыр «ХапIэжьщ» (хэкужь, щIапIэжь).

АбазэщIу щыта мы щIыпIэм и фIэщыгъэм теухуауэ абхъаз бзэ щIэныгъэлI Бгажба Хухутэ етх: «А-рхы», «А-рха»-р «псы Iуфэ тафэщ», «ныджэ бгъуфIэщ». Пэжу, мы щIыпIэм деж бгыхэр щызэкIэщIэкIуэтауэ, псы къуэпсхэр щызэхэлъэдэж тафэми зыщиубгъуауэ уIуоплъэ.

Абхъаз-адыгэ щIыпIэцIэхэр щытепщэу щыта щIыналъэхэм ящыщщ Инжыджышхуэ и псыхъуащхьэхэр. Абы щыхьэт тохъуэ Архъызыпсым и къуэж Рычэпстэ цIыкIум и фIэщыгъэри: «ры-чэ»-м «жьауапIэ»,«псыпцIалъэ» къокI. ЕтIуанэ пычыгъуитIыр: «пс»-псы, «та»-р щIыпIэр къэзыгъэлъагъуэщ».



*Рычэпстэ къыщежьэ хыжьей*

## АБИШИРЭ-АХУБЭ

**Абиширэ-Ахубэ къурш тхыцIэщ (горная цепь). Загедан Iуащхьэм (метр 3099-рэ) къыщыщIедзэри къуэкIыпIэмкIэ Джэмэрыкъуэ щыгум (метр 3180-рэ) нос.**

«Абиширэ-Ахубэ» щIыпIэцIэр пычыгъуитIу зэхэтщ. Япэр, «Абиширэ» Iыхьэр, языныкъуэ бзэщIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, унагъуэцIэ Абэшырхэ къатехъукIащ. ЕтIуанэ «Ахубэ» Iыхьэр – адыгэбзэм хэт «хъупIэ» псалъэм. «Абэшырхэ я хъупIэ» къокI а фIэщыгъэм.

Филологие щIэныгъэхэм я доктор Иуан Сарият и еплъыкIэр нэгъуэщIщ. Аращ япэу къыжызыIар «Абиширэ-Ахубэ» фIэщыгъэм и етIуанэ Iыхьэр абхъазхэм я «Ахъубэ» цIыхухъуцIэм е унагъуэцIэм къытехъукIагъэнкIэ зэрыхъунур.



*Дыкъуэкъуэм удэту*
*Абиширэ-Ахубэ шытхым уIуоплъэ*

## И ЩІЫПІЭ ЦІЭРЫІУЭХЭР

### АРКЪЭЦАРЭ (АРКАСАРЭ)

**«Архъызым» и гъунапкъэу къухьэпІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ бгылъэ шытхщ. Лабэшхуэ и псыхъуащхьэхэмрэ Инжыджышхуэ зыкъыщызэщІикъуэ тІуащІэ абрагъуэмрэ (Архъызыпсым и къежьапІэри мыращ) тІууэ зыгуэш къурш тхыцІэщ.**

Кавказ Шытх нэхъыщхьэм (метр 3457-рэ) къыщхьэщылыдыкІ бгым деж къыщыщІедзэри, ищхъэрэкІэ зреукъуэдиех, километр пщІы бжыгъэкІэ. Мы щІыпІэм щыпсэу абазэхэм абы «Аркъэцарэ» щІыфІащари аращ. А псалъэми «хэшын», «укъуэдиин» мыхьэнэщ къикІыр.

Аркъэцарэ шытхым и ищхъэрэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэ джабэ нэкІухэр «Дыкъуэ ЦІыкІу» псым и къежьапІэщ. Абдежым ущыхуэзэнущ «Аркасарэ»,«Дыкъуэ», «Дыкъуэ ЦІыкІу» фІэщыгъэхэр зыкІэрыпщІа хыжьей (гуэл) дахэкІейхэм.

### ПСИЩ

Инжыджышхуэ къэзыгъэхъу псищым – Кавказ Шытх нэхъыщхьэм къыщежьэм – и фІэщыгъэщ.

Лъахэхутэ Твёрдый Александр зэритхымкІэ, мы щІыпІэм деж Псыш, Архъыз, Къызгъыч псищыр щызэхолъэдэж. Аращ къызытехъукІар а фІэщыгъэри. ЩІыпІэцІэр «бдзэжьей» къызэрыкІ «псыз» абазэ псалъэм хуэзыхьхэри щыІэщ. Адыгэбзэм хэт «псы»-мрэ абхъазыбзэм и «шы» («шэ»)-мрэ («хужь», «къабзэ» ) зэхэухуэнауэ къэзылъытэхэри щыІэщ.

Псищ къыщхьэщыт бгыхэм я нэхъ уардэр Пшиш Іуащхьэжьырщ. Абы метр 3790-рэ и лъагагъщ.

***КЪУМАХУЭ Аслъэн***



*Аркъэцарэ шытхым и лъабжьэм щІэт хыжьейхэм (гуэлхэм) ящыщ зы*



*Аркъэцарэ шытхым укІэрыту Дыкъуэ цІыкІу и къуэладжэм ухуоплъых*



*Псищ щызэхэлъэдэжырщ. Абы я зэхуакум Пшиш Іуащхьэр къыдоплъ*

ГУЭНГЪЭПЩ Хьэсэнбий

# Мыхъумышхэ

*(Рассказ)*

Мурат ебланэ классым щеджэрт. Ар щlалэ гъур цlыкlут, мыхъумышхэти, lэнэм тlысамэ, гуахъуэр къищтэнт, къыхутрагъэува шхыным зыкъомрэ хэпэщэщыхьынт, хущхьэнт, щатэнт, бзуупэкlэ хэуlуа нэхъей, гуахъуэкlэ тlэу-щэ хэуэнти, lукlыжынт. Унагъуэм исхэр абы иризэгуэпырт: анэр иригузавэрт, нанэ иригужьейрт. «Умышхэу къару уиlэнукъым, лlы ухъунукъым» къыжраlэмэ, ар зэхихыххэртэкъым, – и дамэр дришейрти, шхын япщэфlар мыlэфlу жиlэу lукlыжырт.

Махуэ гуэрым Мурат школым къикlыжащ, и нэщlащэр щlэуфlыцlыкlауэ, и джанэ щlыlур къитхъарэ бэлэбанэу, нэщхъкlэ пыджэу. Гурыlуэгъуэт ар зыгуэрым езауэу къызэриубэрэжьар. Нанэ и къуэрылъху гъэфlам бгъэдэлъэдауэ lэплlэ хуещl, йоубзэ, къэхъуамкlэ пкъроупщlыхь. Анэр къэгубжьауэ мэшхыдэ: «Мис аращ-тlэ, умыхъумышхэмэ! Уэр хуэдэ мацlикъыр тегушхуэгъуафlэ хэти къищlынущ, фlыуэ шхэхэм, куцl зиlэхэм къакъунущ!» Абы я зэрызехьэ макъыр зэхэзыха дадэ къыщlыхьэри, и къуэрылъхум щыlуплъэм, къэуlэбжьащ, ауэ и фэм къримыгъэlуатэу еупщlащ:

– Уи дзэ lуауда?

– Хьэуэ.

– Ари хъарзынэщ.

Мурат апхуэдизкlэ укlытати, зэуэ къэуцlыплъри и щхьэр щlигуащ.

– Зытхьэщl, шхэи мо пхъэупсахуэмкlэ накlуэ.

– Сэ сымэжалlэкъым.

– Умымэжалlэмэ, умышхэу накlуэ.

Мурат кlуэри, дадэ и бжэ къуагъым зыкъуиудыгъуауэ, абы пхъэ зэриупсым кlэлъоплъ. Дади абы нэбдзыпэ щlэплъ къыхуещl, ауэ зыри жиlэркъым. Тlури, щхьэж и гупсысэ хэтыжу тэлай докl, итlанэ дадэ къопсалъэ:

– Къызжепlэн уиlэкъэ, щlалэ?

– Хьэуэ.

– Сыткlэ сэбэп сыпхуэхъуфыну къыпщыхъурэ?

– Нанэрэ мамэрэ схуелъэlу нэхъ lэфlу пщэфlэну.

– Хъунщ, – жиlащ дадэ, тlэкlурэ хэгупсысыхьа иужь. – Ауэ сэри лъэlу гуэр пхузиlэщ. Узыщымысхь щыгъын щытlагъи, мес мо пхъэ къыхэсхахэр схуэкъутэ, ар зэрыбухыу абдежыр зэщlэкъуэжи мы пщlантlэри къабзэу пхъэнкlыж. Плъагъуркъэ мыбы жьым зэрихьэу дэлъ бжьыхьэ тхьэмпэ къомыр.

– Уэи, хъуным, – жеlэ Мурати, жыджэру яужь йохьэ нэхъапэкlэ зыхуэщхьэхыу щыта lуэхухэм. Дадэ и пащlэкlэ щlэгуфlыкlыу абы хущlоплъ. Зи къэхъугъуэ щlалэ цlыкlум и гум нобэ щыщlа псор: и укlытэр щlихъумэну зэрыхуейр, къаруфlэ зищlыну зэрыпlащlэр къыгуроlуэ. И lуэхухэр иухыу зыщитхьэщlыжым, дадэ абы жриlащ нанэ lэфlу зэрыхуэпщэфlар. И щхьэр lэтауэ, и плlэр захуэу, зыхуэарэзыжу Мурат



пщэфIапIэм кIуэри, дыгъужь нэщIауэ, жьэдилъхьэр фIэмащIэу, зы напIэзыпIэм Iэнэр «иухъуэнщIащ». Абы шхурэ пIастэрэ тришхыхьыжащ. Иужькlэ зыкъиищlэжри, егупсысыжащ:

«Мыр дауэ? Дыгъуаси, нэхъапэхэми яхузыIузмылъхьэ шхынщ нобэ сшхар. Апхуэдизу сфIэIэфI щхьэ хъуа, сызэIурыбзаежу? СлIо, сэ иныжь сыхъуауэ ара хьэмэрэ нанэ шхыным зыгуэр хилъхьауэ пIэрэ, игъэIэфIыну? Уэи, сыкIуэнщи дадэ сеупщIыным. Ахэр игу илъу дадэ и дежкIэ иунэтIащ. Дади и пхъэдакъэжьым тест пхъэ лошкIэ ищIу. Мурат къыхуэкIуэу щилъагъум, ар и пащIэкIэ щIэгуфIыкIри езым япэ иублащ псалъэмакъыр:

– КъакIуэ, си щIалэ. Мис, пхъэ лошкIэ пхузощI, абыкIэ пшхыр сыт щыгъуи нэхъ Iэфlщ.

– Уэи, армырами, сэ нобэ IэфIу сышхам, – жиIащ Мурат.– Ауэ дыгъуасэ схуэмышхар нобэ фом хуэдэу щIысфIэIэфIаращ сымыщIэр. Нанэ зыгуэр химылъхьауэ пIэрэ?

– Ей, си щIалэ цIыкIу, – жиIащ дадэ.– Абы щэхуу зыри хэлъкъым, нани шхыным зыри хилъхьакъым. Ар сыт щыгъуи IэфIу мэпщафIэ. Уэ шхыныр IэфI къыпщызыщIар лэжьыгъэращ. ИгъащIэм жаIэ: «IэфIу ушхэну ухуеймэ, фIыуэ лажьэ». Нобэ Iуэху пщIэуэрэ укъэмэжэлIати, пшхар IэфI къыпщыхъуащ, икIи, уи фIэщ зэрыхъун, нэхъ къарууфIэ ухъуакIэ!

## «Нурыр» зи ныбжьэгъуфIхэр

*2018-нэ гъэм и гъатхэпэ мазэм, Адыгэбзэм и махуэшхуэм ирихьэлIэу къыдэдгъэкIа «Нур» – плакатым и зы лъэныкъуэм – адыгэбзэ АЛФАВИТЫР, адрейм ЩIЫУЭПС картэр тетащ... Ди щIыпIэ щыпсэу псэущхьэ кIуэдыжу тхылъ Плъыжьым ихуахэм я бжыгъэм зэрыхэхъуэм, абы гулъытэ яхуэщIын зэрыхуейм укъыхуриджэрт журналым. Ар сэбэп зыхуэхъуа сабий куэд щыIэщ. Абы ящыщщ* ***Мэкъуауэхэ Сэтэнейрэ Юлианэрэ.***

Зэшыпхъуитlыр Анзорей къуажэ и етIуанэ курыт еджапIэм щоджэ. Сэтэней етхуанэ классщ, Юлианэ ещанэм щIэсщ. «Нур» журналым а тIур гуфIэу къыщIеблэгъам щхьэусыгъуэфI иIэщ:

««Нурыр» ди унагъуэм зэи икIыркъым. Дэ ар къыщыдэкIынум сытым хуэдэу дыхуэпIащIэрэ! Журналым итхэр щIыдоджыкIри, дызэпеуэу, дыщызэфIэни щыIэу, абы ит псалъэзэблэдзхэр къыдощIэ», – жаIэ хъыджэбз цIыкIухэм.

Зи гугъу тщIы зэшыпхъуитIыр еджэнкIи, школ гъащIэм щапхъэфI щагъэлъэгъуэнымкIи, зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтынкIи лъэрызехьэхэщ, увыпIэ пэрытхэри къахь. Сэтэней инджылыбзэм, математикэм дахьэх, зэхьэзэхуэхэм ехъулIэныгъэхэр иIэу зыкъыщегъэлъагъуэ. Юлианэ «Дунейр зызогъащIэ» предметым дехьэх, щIыуэпсыр хъумэн зэрыхуейм гулъытэ хуещI. 2018-нэ гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм «ЩIэныгъэр зыдогъэцIыху» зэпеуэ Лэскэн куейм щекIуэкIащ. Абы Юлианэ **тхылъ Плъыжьым** ихуа псэущхьэхэм, къэкIыгъэхэм ятеухуауэ къыщигъэлъэгъуащ проект. Абы япэ увыпIэр къихьащ. Мис абдежщ абы «Нур»-плакатыр сэбэпышхуэ щыхуэхъуар!

Сурэт щIынми дехьэх Юлианэ. Анэхэм я махуэшхуэм ирихьэлIэу Лэскэн куейм щекIуэкIа сурэтыщI зэпеуэм – япэ, «МафIэм хуэсакъ!» зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщихьащ.



*«Нурым» и ныбжьэгъу цIыкIухэм я зэфIэкIым хагъахъуэу щIэныгъэм и лъагапIэхэм нэсыну дохъуэхъу!*

***КЪАШЫРГЪЭ Фатимэ***




***ЩАУЕЙ Мидэ*** *адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ урыс усакIуэшхуэ Пушкин А. С. и IэдакъэщIэкI тхыгъэ куэд. Абы и щхьэусыгъуэр – а усакIуэм и урысыбзэ дахэр адыгэбзэм иригъэтIасэу ди бзэм и зэфIэкIыр здынэсыр къигъэлъэгъуэну зэрыхуейрщ. Пушкин и усэ щхьэхуэхэм, поэмэхэм, псысэхэм я закъуэкъым Мидэ зэридзэкIар, атIэ усэбзэу тха «Евгений Онегин» романри адыгэбзэ ищIри тхылъу дунейм къытригъэхьащ. Абы и зэдзэкIыным 1996 гъэм яужь ихьэри 2017 гъэм иухащ, мы гъэм тхылъу къыдигъэкIыжащ. Щауей Мидэ и IэдакъэщIэкIхэр тыдодзэ.*

## КАВКАЗ

Си щIагъыр Кавказырщ. Щыгушхуэм си закъуэу
Уэсыбгхэм я щIыIукIэ, нэпкъ иным сытетщ,
СпэIэщIэу къыр жыжьэм толъэтри къуршыбгъэр,
Си занщIэу мэхуарзэ, мыхъейуэ къысфIощI.

Мыбдежырщ псыдзэшхуэ ерум и щIэдзапIэр,
Уэсукхъуэ шынагъуэм солъагъу и къежьапIэр.

Сеплъыхым, Iэдэбу пшэ Iувхэр мэкIуасэ;
Псыкъелъэр аузым, зихъунщIэу щолъасэ.
Псыпыхуу зи сыхъэм къыр пцIанэ хэплъагъуэм
И лъабжьэр жыглыцщ, чыцэ гъуахэм уахоплъэ.

Уеплъыхым – щхъуантIагъэу жьауапIэм и лъахэм
Мэз бзухэр щоусэ, щыхь цIыкIухэр щызопкIэ.

АдэжкIэ бзу абгъуэу, цIыху уни хэплъагъуэу,
ДыгъапIэ хъун кIырым мэл хъушэр щохъуакIуэ.
ЖьауапIэ аузым Арагвэ щокIуасэ;
Мы псыхъуэм мэлыхъуэм щегъуэтыр псэхупIэ,

ЗекIуэлI дэхуэхами мыр щещI егъэзыпIэ,
Тэрчыжьи мыжыжьэу щожэхыр, зехъунщIэ.

ГъущI хъарым ихуа хьэкIэкхъуэкIэ дзэлашхэу,
ПсыIуфэ нэпкъитIым ерыщу телажьэу,
Езауэм къыр быдэм, къимыкIыу и Iуэху,
Ебзейуэ IуфитIым толъкъунхэр йоунтIэIу.

АрщхьэкIэ IэщIэкIкъым, щхыныгъуи лъымыс.
ЗэвыIуэщ аузыр, къыр джейхэм яхуз.

## Бдзэжьеящэмрэ бдзэжьей цIыкIумрэ я шыпсэ

*(пычыгъуэ)*

– Уэ гущIэгъу къысхуэщI, бдзэжьей гумащIэ,
Хуейщ фызыжьыр хъуну пащтыхь гуащэ.
Къет жэуапу бдзэжьей дыщэ фащэ:
– Абы щхьэкIэ уэ уигу хыумыгъащIэ,
КIуэжи унэм, а уи пащтыхь гуащэ
Къэплъагъунщ зэщIауэ и гуращэ.

КъокIуэж лIыжьыр. Нэмыплъысу и нэр,
Уий, пхъэ бжаблэ хъару уардэщ унэр.
И шордакъым къитщи гуащэ ябгэр,
Къундузыфэщ и джэдыгу Iэщхьэншэр.
Iущхьэу цIыплъ къутынщ тегъэса пыIэр,
Налкъут щыгъэм къурешэхыр и пщэр,
Дыщэ Iэлъын защIэщ Iэпэу пытыр.
ЩолыдыкIыр и лъэм шырыкъу плъыжьхэр,
И блыгущIэт жыIэщIэхэр къоубзэр,
Ягъэунэхуащ и баштекъузэр...



## Евгений Онегин

*(романым щыщ пычыгъуэ)*

*XIX*



Си тхьэIухудхэ! Дэнэ? Дауэ?
Гум и къеуэкIэр зэхэфха?
Фызэрыщыт? Е нэгъуэщI гуэркIэ
ФызэрахъуэкIыу зыфхъуэжа?
Уэрэд зэгъусэу къыджефIэну?
Фи макъым дыщIэвгъэдэIун?
Урысхэм сфIощI ди Терпсихорэ
Зэхэсхым си гур къилъэтын.
Е физмылъагъуэм мы утыкум,
Пшыхьыр зэшыгъуэ къысщыхъун,
Гугъэр тезухуэмэ нэгъуэщIым,
СыщIегъуэжауи сыщысынщ.
Сызэгуэпынущ, сызэшынущ,
БлэкIахэр гум къипщытэжынущ.

Зыгъэхьэзырар
***ХЬЭТКЪУТ Муратщ***



## ЦIЫПIЫНЭ Цацэ:

# «Си гъащIэм къыпызыщэр бжьэ гъэхъунырщ!»

*Мы гъэм ди къэралым щылажьэ бжьахъуэхэм леишхуэ къатехьэри бжьэ куэд яфIэлIэжащ. Ар гущIыхьэ тщыхъуауэ, ди щIыналъэм и бжьахъуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэм – ЦIыпIынэ Цацэ и бжьахъуэ пщыIэм дыхуеблэгъащ.*

ЩхъуантIагъэ гурыхьым хэт гуэл цIыкIум ибгъукIэ Цацэ и пщыIэр къыщытщ. Матэ зэтетхэм бжьыбжьу кIэрыс бжьэхэм дыгъэ къатопсэри, ар ягу ирихь пфIощI.Илъэс 92-рэ хъу Цацэ (*хыщI нэхъыбэ ептынкъым)* щIалафэщ, дахэщ, зыкърех: и нэ къуэлэнитIыр къигуфIыкIрэ, хьэщIагъэ къыдихыну пIащIэу къыддоуэршэр. Ар зэ мафIэм щхьэщыт шыуанымкIэ макIуэ, зэ хьэкум щигъажьэ адыгэ щIакхъуэм йоплъ, бжьаIуэмкIэ къыщыхъури елъагъу, къыхуеблэгъахэм ящыщу къэтми щIоупщIэ. Сэ а нанэм и хъыбар куэд зэхэсхат, ауэ си нэкIэ дэслъэгъуар телъыджэ сщыхъуащ: мыбы хуэдэр мащIэ дыдэщ!

***СоупщI: – Цацэ, мы лэжьыгъэм уи псэр хэлъу жыбоIэ, ауэ къыщыптехьэлъэ щыIэкъэ? Фэ зэпымыууэ зы щIыпIэм фиткъым, бжьэ матэхэр гъэгъа здэщыIэхэм къыщывошэкI.***

– Си бжьэр мыхъуамэ, мыпхуэдэу сыкъызэтенэн фи гугъэрэт фэ? Жэщ хъуамэ, нэху схуэмыгъэщу, сахэтщ тхьэ… Сэ си къуэ закъуэр (*ЦIыпIынэ Аслъэн зымыцIыхуа адыгэ щыIэу фIэщщIыгъуейщ*) дунейм щехыжа махуэм, си тхьэм селъэIуауэ щытащ, щIалэм фIыщэу илъэгъуа Iэщlагъэм, ЦIыпIынэхэ лIакъуихкIэ къадекIуэкIа бжьэ гъэхъуным си псэр пытыху, сригъэлэжьыну. Нобэм къэсыху, сыузыншэу сащыхэткIэ, къысхуищIакъэ?!.

***– Къаруушхуэ ехь бжьэ гъэхъуным. Ар сытым къуитрэ?***

– Сызэрыбауэм, сшхым, сигу хэзыгъахъуэм къыхокI ар. Мы хьэуар сытым хуэдэ! Махуэм къэкIыгъэ дапщэм тетIысхьэ уи гугъэрэ бжьэр? АтIэ, а псом я мэр къыдех мис мы хьэIупэм, сэ абы сробауэ. Нэхъ мэ IэфIрэ гурыхьрэ дунейм теткъым. Фор-щэ? Абы нэхъ ерыскъыфI пцIыхурэ? Узыфэу щыIэм я хущхъуэкъэ? ТIатIий къудейр сыт и уасэ! Сигу хэзыгъахъуэри бжесIэнщ. Дэ пщыхьэщхьэ къэс бжьахъуэу мыбдеж щыIэр псори дыкъотIысэкIри мафIэ дощI. Дыуэршэру дызэхэсщ. А мафIэми къаруушхуэ къысхилъхьэу къысщохъу: си нэр жану, тхылъ седжэфу иджыри къэс сызыIыгъыр армырамэ, сщIэркъым…

***– Мы гъэм бжьэ куэд яфIэлIащ бжьахъуэхэм. Агрономхэм я жыг, я гъавэ тракIэ хущхъуэхэр нэхъыбэ хъуху, бжьэ цIыкIухэр абы докIуэд. Фэ къыфлъэIэса?***

– Тхьэ, къытлъэIэсам, мы гъэм фори ди мащIэм. Дэ Ставрополь куеймкIэ дыщыIащ. Абы щIыщхуэ илъщ. КхъухьлъатэкIэ гъавэм хущхъуэ щытракIэ щIыпIэшхуэхэм я гъунэгъуу ди матэхэр дгъэувкъым,– тракторкIэ



щытракІэхэращ гъунэгъу зызыхуэтщІыр. Ахэри къытщосхьри, ди бжьэхэр къэмыуш щІыкІэ, ди лъэныкъуэкІэ щыІэ я гъавэм япэу тракІэ, итІанэщ нэхъ тпэжыжьэм яужь щихьэр.

***– Бжьэм хабзэшхуэ яхэлъщ, ахэр ди цІыху зэхэтыкІэм щебгъапщэ къэхъурэ?***

– Тхьэ, изогъапщэм. А бжьэ цІыкІухэм я зэдэлэжьэкІэм, я псэукІэм хуэдэу дэ дызэхущытыфамэ – дымыфыгъуэу, дымыижэу, щхьэж и Іуэху Іыхьэ длэжьыжу, тхьэм къытхуимыщІа щымыІэт. Сабийхэм бжьэм я хъыбар куэду яхуэфІуатэ.

***– Цацэ, дэ къулыкъуэщІэ, хьэрычэтыщІхэм дапэІэщІэщ, зи ІэщІагъэ щехъулІэ ІэпщІэлъапщІэхэр нэхъ догъэныбжьэгъу. Щхьэхынэм дыщІонакІэ, жыджэрыр догъэгушхуэ. Бжьэхэм хуэдэу цІыху псори лэжьакІуэшхуэу щытамэ…***

– Тхьэ, мис абдеж ущоуэм-тІэ. Бжьэ псори зэхуэдэ уи гугъэ?

***– Сэ яхэсщІыкІ мащІэмкІэ псори лэжьакІуэфІу си гугъащ…***

– АтІэ, абы я лэжьакІуэфІымрэ я щхьэхынэмрэ зэрызэхагъэкІми, къезгъэдэІуэнщ фи сабийхэр.

Унагъуэшхуэр, зэш-зэбыныр зэхэмыкІауэ зэхэсу щыпсэум и деж, псори зэхуэдэу лажьэрэ? Хэт нэхъыбэ къелэжь, хэт нэхъ щхьэхынэщ. Абы зэгурыІуэ щыІэнукъым, гува-щІэхами. Аращ бжьэхэри, куэд зэрыгъэхъуа иужь, зэгурымыІуэжу, зэхэкІыну яужь йохьэ. Абдежым бжьэпщым зы махуэ псокІэ игъэхьэзыру щІедзэ а матэм къыдэкІыну хъуапсэ бжьэхэр. Дэри абы ирихьэлІэу матэ щхьэхуэ яхудогъэув, ахэр идгъэтІысхьэну. Аращи, зэрыІупхыу, вууэ, зэкІэлъхьэужьу къилъэтыкІыу щІадзэ а бжьэ жыджэр лэжьэну зыхуейхэр. Ахэр щхьэхуэ дощІ. Фи фІэщ хъункъым абы фоуэ къахьыр зыхуэдизыр! Зы унагъуэу псэунуи, лэжьэнуи ирагъажьэ.

***– Адрей матэм къыдэнахэр-щэ, бжьэпщи ямыІэжу?***

– Абы бжьэпщ кърырагъэшыж, ауэ, ухуейм сыти ещІэ, тхьэ, пхуэмылэжьэну.



***– Цацэ, Китайм бжьэпщ цІэрыІуэ яІэр пэж?***

– Пэжщ! Апхуэдэ бжьэпщ сэри сиІэщ, ауэ сагъэ идзауэ аращи, адэкІэ зэрыхъум деплъынщ. Апхуэдэ бжьэпщыр минитху и уасэщ. Сэ Аслъэн и ныбжьэгъуахэм сагъэгъуащэкъыми, нэхъ пуду къызатащ. А бжьэпщым и фІагъыр ар хуабжьу зэрыбагъуэрщ, ямылейуи лэжьакІуэшхуэщ и бжьэхэр. Ауэ, нэхъ пасэу мэлІэж ахэр.

***– Ар къэзыгъэхъуа езы китайхэм ещхьщ я бэгъуэкІэри я лэжьэкІэри, ара?***

– Тхьэ, ещхьыркъэпсым,– гухэхъуэу мэдыхьэшх Цацэ. Дэ дызыхуейр бжьэ лъэпкъыр мыкІуэдыжу бэгъуэну аращи, адрей бжьахъуэхэми зэхрырех апхуэдэ бжьэпщ зэрыщыІэр.

Цацэ къызгуригъэІуаращи, цІыкІухэ, бжьахъуэ ІэщІагъэр щхьэпэщ, псапэщ, укъехъумэ, узыІэпешэ, уигу хегъахъуэ.

Абы ятеухуа тхыгъэхэм дэ иджыри къыпытщэнущ.



Зыгъэхьэзырар
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***



МЫСАЧЭ Мурат и «Джэгуакlуэ» теплъэрыlуатэм пыдощэ. Пэщlэдзэр «Нурым» и 9-нэ къыдэкlыгъуэм тетщ

# ДЖЭГУАКІУЭ















– Илъэс къэс ди жылэм дыщэ пхъуантищрэ пщащэ нэхъ дахэ дыдэу дэсымрэ иныжьым тыхь хуащI. Си чэзур къэсащ.
– Мыбдежым щхьэ урапха?


– КIапсэхэр зэпумыупщI! А емынэунэм, къэгубжьмэ, жылэр ирихынщ!
– Умыгузавэт уэ. Сэ хуэфI сыхъунщ абы.


25


26


27


– Хьэуэ, хъунукъым. Сэ Іэщэ зэращІ Іэмалыр фэзгъащІэмэ, фэ езым фи щхьэ фхъумэжынщ.
– УмыкІуэжу къанэ, кхъыІэ. Дэ зыми ухуэмыныкъуэу удгъэпсэунщ, уэ дыкъэпхъумэнщ
28













*(КъыкIэлъыкIуэнущ)*

# Бжьыхьэм и тыгъэ дахэ

Шхыныгъуэхэм я фестиваль Налшык щекIуэкIащ. Абхъазым и утым мыIэрысэкIэ щащIа «ГъащIэ жыгыр» дуней псом щынэхъ сурэт ин дыдэу къалъытэри, «Гиннес и тхылъым» иратхащ. Сурэтым текIуэдащ я плъыфэрэ инагъкIэ зэхэдзауэ мыIэрысэ тонн 40. Абы щIы зэбгъузэнатIэу метр 1000-м щIигъукIэ зиубгъуат . Фестиваль нэужьым мыIэрысэхэр цIыхухэм хуагуэшащ.





*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается С 1 января 1982 года
№ 11 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Набор и вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КУРАШИНОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*П. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 31.10. 2019 г.
Выход в свет 26.11.2019 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2060 экз.
Заказ № 335
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,83 руб.; за 6 мес.– 88,98 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик, пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30

**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.